



Pou Piblikasyon Imedya: 19/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON NOUVO KOLABORASYON POU RECHÈCH ANT SEKTÈ PIBLIK AK PRIVE YO POU VANSE DYAGNOSTIK AK TRETMAN MALADI TIK TRANSMÈT YO**

***Laboratwa Wadsworth Center ak Regeneron Pharmaceuticals, Inc. gen kòm objektif amelyorasyon dyagnostik maladi Lyme ak elaborasyon nouvo tretman***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon nouvo kolaborasyon revolisyonè ant sektè piblik ak prive yo pou rechèch pou vance dyagnostik ak tretman maladi tik transmèt yo. Laboratwa Wadsworth Center Depatman Sante (Department of Health) Eta New York la ak Regeneron Pharmaceuticals, Inc. - youn nan pi bon konpayi biyoteknoloji yo ki envante medikaman ki sove lavi pou moun ki gen maladi grav, pral kolabore pou elaborasyon potansyèl pi bon dyagnostik, defans kont maladi, ak terapi pou dyagnostik ak tretman maladi tik transmèt yo, kòmanse avèk maladi Lyme.

“Kolaborasyon sa a ant sektè piblik ak prive yo ap eksplwate ekspètiz yon konpayi biyoteknoloji k ap mennen nan lemond pou atake youn nan pwoblèm sante piblik ki pi presan yo nan epòk nou an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ansanm, Regeneron ak Laboratwa Wadsworth Center gen potansyel fè rechèch sou lasante a vance, elabore tretman k ap sove lavi pou maladi Lyme, epi okipe twou enpòtan nou genyen yo nan konesans nou sou maladi tik transmèt yo. New York fyè ede ranfòse endistri syans lavi klas mondyal nou an pandan l ap investi nan yon Empire State ki gen mwens danje, ki pi sen pou tout moun.”

Maladi tik transmèt yo, patikilyèman maladi Lyme lan, fè pati maladi enfektyez ki gen kwasans pi rapid nan Etazini. Lè yo dyagnostike epi trete yo kòrèkteman, pifò pasyan ki gen maladi Lyme yo refè disi de semèn. Sepandan, tès dyagnostik ki fè prèv yo pou maladi Lyme prèske pa chanje depi 40 lane ki sot pase yo epi yo kapab gen limitasyon lè yo sèvi a sèten moman pandan maladi a, sa ki fè pasyan yo ak founisè yo fristre, sa ki gen dwa lakòz yo rate opòtinite tretman.

Regeneron ak Laboratwa Wadsworth Center pral mete tèt ansanm pou fè rechèch sou ajan ki lakòz maladi Lyme nan, bakteri *Borrelia burgdorferi* a, ki miltipliye lè yon tik ki pote bakteri a mòde yon moun, ak sou kijan sistèm defans kò ot la aktive. Enfòmasyon sa yo gen posibilite fè vance elaborasyon pi bon dyagnostik, defans kont maladi, ak nouvo terapi. Sou yon peryòd senk lane, Regeneron pral investi jiska 48 milyon dola nan rechèch sa yo epi eta a pral ranbouse 50 pousan nan kou rechèch Regeneron yo

jiska yon ranbousman total 24 milyon dola nan kad Inisyativ Syans Lavi (Life Sciences Initiative) Eta New York la. Anplis de sa, Laboratwa Wadsworth Center pral resevwa jiska 6 milyon dola nan kad Inisyativ Syans Lavi a.

Kolaborasyon revolisyonè a ant Regeneron ak Laboratwa Wadsworth Center Depatman Sante a ajoute sou angajman 750 milyon dola Gouvènè Cuomo a pou li soutni konstriksyon yon nouvo laboratwa sante piblik Laboratwa Wadsworth Center klas mondyal, dènye kri nan Rejyon Kapital la ki pral pouse rechèch an kolaborasyon ant sektè piblik ak prive yo. Avèk refòmilasyon “Yon Laboratwa pou 21yèm syèk la” (A Lab for The 21st century), Wadsworth pral fonksyone kòm yon leman pou investisman sektè prive k ap fèt nan lavni kote anplwaye yo, chèchè envite yo, dirijan konpayi yo, ak kolaboratè akademik yo ap kwaze nan wout pou akselere inovasyon ak kreyasyon itil. Kòm youn nan pi gran laboratwa rechèch sou sante piblik nan lemond, lokal modèn sa a ak investisman komen angaje sa a pral sèvi kòm pwojè vedèt pou eta a, k ap montre yon angajman solid ak dirab nan endistri syans lavi Rejyon Kapital la.

Laboratwa Wadsworth Center sèvi yon wòl ekstrèmman enpòtan nan efò Depatman Sante a ap fè yo pou pwoteje epi pouse sante rezidan New York yo. Apre plis pase yon syèk ekselans kòm laboratwa sante piblik eta a, Laboratwa Wadsworth Center ap kontinye kòm yon enstiti biyomedikal premye klas ki konbine tès klinik ak anviwòmantal avèk rechèch fondamantal, aplike ak translasyonèl. Jodi a, syantifik laboratwa yo sèvi avèk apwòch ni klasik ni modèn pou etidye kesyon anviwòmantal ak biyolojik ki gen pou wè avèk sante ak maladi moun, ki pral soutni kolaborasyon avèk Regeneron an.

Regeneron se yon konpayi biyofamasetik fonde sou lasyans k ap mennen nan lemond ki gen syèj sosyal li nan Tarrytown, New York ki dekouvri, elabore epi fabrike medikaman inovatè. Regeneron te tabli kòm yon jèn konpayi biyoteknoloji an 1988 nan Vil New York, epi lane apre a, sou lidèchip Mario Cuomo ki te Gouvènè lè sa a, Empire State Development (ESD) te investi 250,000 dola pou kore kwasans konpayi an. Nan plizyè ane, eta te reyalize yon revni 300 pousan sou investisman sa. Kounye a Regeneron se pi gran konpayi biyoteknoloji nan Eta New York ak youn nan pi gran yo nan lemond, avèk plizyè tretman ki apwouve ak yon filyè solid pou konpoze ki yo tout elabore nan laboratwa New York.

Regeneron ap mennen pwogrè nan plizyè tretman posib enpòtan pou maladi atrapan, ki yo tout te elabore ak teste gras a platfòm entèn *VelociSuite* konpayi an. Kapasite Regeneron pou li fè Entèkansyon Rapid akselere elaborasyon tretman posib gras a itilizasyon teknoloji *VelociGene* ak *VelocImmune* li yo pou elabore rapidman antikò ki konplètman imen si sible yon patojèn an patikilye epi kreye yon modèl jenetikman imen pou teste epi valide antikò sa yo. Dènyèmman konpayi an te pote tretman rechèch pou Ebola li a, REGN-EB3, nan Repiblik Demokratik Kongo pou itilizasyon posib nan epidemi ki genyen la kounye a.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Howard Zemsky, te deklare,** “Empire State Development fyè rekonpanse tèt ansanm inovatè sa a ant Regeneron ak Laboratwa Wadsworth Center ki toude fè vanse lasante moun epi pouse devlopman yon sektè rechèch klas mondyal sou syans lavi nan New York”.

**Komisè Depatman Sante a, Doktè Howard Zucker, te deklare,** “Nan Laboratwa Wadsworth Center Depatman an gen kèk nan chèchè syantifik ki pi bon nan nasyon an, epi gras a tèt ansanm nou avèk yon òganizasyon premye klas tankou Regeneron, n ap fè yon gwo pa devan nan elaborasyon yon tès pi egzak ak pi efikas pou dyagnostik epi finalman trete maladi devastatè sa yo. Gouvènè Cuomo konprann wòl enpòtan rechèch jwe nan amelyorasyon sante ak byennèt Nouyòkè yo”.

“Kòm yon konpayi biyoteknoloji ki fyè nan New York, nou apresye angajman administrasyon Gouvènè Cuomo a pa janm sispann pran pou li fè New York vin kote ideyal pou rechèch inovatè sou syans lavi yo pwogrese”, **Leonard S. Schleifer, M.D., Ph.D., Prezidan ak Direktè Jeneral Regeneron, te deklare.** “Nou pa ka tann pou nou elaji efè posib pwogram maladi atrapan nou an epi pou nou kolabore avèk Laboratwa Wadsworth Center sou solisyon posib pou maladi tik transmèt yo, nou jwenn deplizanpli souvan epi ki kapab ekstrèmman difisil pou dyagnostik epi trete.”

**Senatè Sue Serino, Prezidan Gwoup Travay sou Lyme ak Maladi Tik Transmèt yo (Task Force on Lyme and Tick-Borne Diseases) te deklare,** “Depi mwen te antre an fonksyon, mwen tandè yon kantite Nouyòkè ki soufri anpil poutèt yon move dyagnostik Maladi Lyme ak mank pwogrè nan domèn sa a. Lane pase, Senatè Kemp Hannon avèk mwen te òganize yon odyans konjwen pou ede eta a amelyore entèvansyon li fas a Lyme ak epidemi maladi tik transmèt la. Lè sa a, nou te ankouraje eta a pran devan epi fè yon gwo investisman nan domèn esansyèl sa a. Kòm Prezidan Gwoup Travay Sena a sou Lyme ak Maladi Tik Transmèt yo, mwen fyè yo finalman ap tandè vwa bann moun k ap soufri an silans yo depi twò lontan. Mwen remèsye Gouvènè a dèske li akòde kesyon sa a atansyon li merite a epi mwen pa ka tann jou lè fo negatif ak move rezilta se ap yon bagay tan pase epi pasyan yo nan New York ap kapab resevwa swen efikas, bon kalite yo merite a”.

**Senatè Neil D. Breslin te deklare,** “Devlopman tretman ak sèvis swen sante yo vin motè ekonomik enpòtan anpil pou ekonomi New York la. Konsantrasyon Gouvènè a sou elaji endistri sa yo pote yon gwo ankourajman bay Rejyon Kapital la nan kore enstitisyon akademik nou yo, atire pi bon syantifik yo, epi fè vanse tretman pou maladi tankou Lyme ki touche anpil nan rezidan nou yo. Mwen pa ka tann tretman k ap kontinye devlope yo gras a nouvo kolaborasyon sa a, epi mwen remèsye Regeneron dèske li travay avèk eta New York la pou ofri kominote pi fò pou pwochen jenerasyon an”.

**Manm Asanble Patricia A. Fahy te di,** “Inisyativ Syans Lavi global Gouvènè a ap atire chèchè klas mondyal nan Nò Eta a pou yo patisipe nan pwogrè ki ta kapab chanje bagay yo nan lasante k ap fèt kounye a isit la menm nan Rejyon Kapital la. Mwen fyè rechèch ak devlopman k ap chanje lavi Wadsworth ak Regeneron deja akonpli yo, epi lè yo mete tèt ansanm pou dènye efò sa a, Nouyòkè yo toupatou nan eta a pral tire pwofi nouvo dyagnostik ak tretman yo elabore yo”.

**Manm Asanble, John T. McDonald III, te deklare,** “Maladi Lyme ak maladi tik transmèt yo toujou ap bay traka swen sante sitou nan Eta New York. Mwen bat bravo pou tèt ansanm sa a ant sektè piblik ak prive yo k ap fè vanse rechèch sou maladi sa yo epi n espere ki pral ofri solisyon inovatè pou pwoblèm sa a. Nouvo investisman

Gouvènè a pou kore tèt ansanm nan ant Regeneron ak Laboratwa Wadsworth Center a pral mennen efò sa yo pi lwen toujou gras a eksplwatasyon atou yo jwenn nan Rejyon Kapital la pou elabore nouvo tretman pou maladi tik transmèt ki gen posibilite sove lavi. Mwen fyè soutni pwojè ki gen kòm objektif kenbe sante tout Nouyòkè yo yon priorite prensipal”.

**Chèf Egzekitif Konte Albany, Daniel P. McCoy, te deklare,** “Mwen fè elòj Gouvènè Cuomo dèske li envesti nan elaborasyon nouvo tretman pou maladi Lyme isit la nan Rejyon Kapital la nan Wadsworth Center. Lè li soutni sektè rechèch sou syans lavi k ap devlope nan Eta New York la, tèt ansanm sa a pral ede kreye djòb, elabore nouvo sèvis sante k ap sove lavi epi soutni yon pi bon kalite lavi pou rezidan nou yo”.

**Kathy Sheehan, ki se Majistra Albany, te deklare,** “Pandan ete a ap pwoche, n ap fè Nouyòkè yo sonje danje maladi tik transmèt yo. Kolaborasyon sa a ant sektè piblik ak prive yo pral rasanble syantifik ak chèchè sou lasante klas mondyal pou dekouvri nouvo tretman ak mezi prevansyon nan laboratwa sante piblik premye klas Rejyon Kapital la. Mèsi Gouvènè Cuomo dèske ou kore pwojè sante piblik esansyèl sa a epi dèske ou envesti nan Laboratwa Wadsworth Center a nan Albany”.

### **Inisyativ Syans Lavi 620 milyon dola Eta New York la**

Nan bidjè Ane Fiskal 2018 la gen yon inisyativ 620 milyon dola pou ankouraje devlopman yon sektè rechèch sou syans lavi ki gen kalib mondyal nan New York, epitou pou devlope kapasite eta a pou li komèsyalize rechèch sa a epi devlope ekonomi an. Inisyativ a plizyè fasèt Gouvènè a gen ladan 100 milyon dola pou elaji Kredi Enpò Pwogram Travay Excelsior la (Excelsior Jobs Program Tax Credit) bay endistri syans lavi an, 100 milyon dola pou yon pwogram kredi enpo ranbousab pou rechèch ak devlopman nan syans lavi, epi 320 milyon dola sou lòt fòm investisman.

Pou kore devlopman laboratwa travay pratik ak espas inovasyon, inisyativ la gen ladan sibvansyon investisman eta a pou soutyen operasyonèl ak kapital investisman pou konpayi syans lavi ki nan faz inisyal yo ki rasanble omwen 100 milyon dola finansman anplis ki sòti nan sektè prive a.

Sektè Syans Lavi a anglobe domèn biyoteknoloji, famasetik, teknoloji biyomedikal, teknoloji sistèm lavi e li enkli òganizasyon ak enstitisyon ki devwa majorite efò yo nan diferan staj rechèch, devlopman, transfè teknoloji ak komèsyalizasyon. Chak jou, konpayi nan sektè sa a ap devlope nouvo dekouvèt medikal ak famasetik ki gen potansyèl pou sove lavi, ke se pou nouvo terapi oubyen deteksyon maladi nan premye stad tankou otis ak kansè. Konpayi sa yo fè pwogrè ki enpòtan tou nan domèn biyoteknoloji agrikòl ak anviwònmanal, ki ede kreye yon avni ki pi pwòp e ki pi dirab.

Lè l ranfòse ensitasyon, investisman nan enstalasyon yo epi amelyore aksè a talan ak ekspètiz, New York ap ogmante aksyon ki rechèch ak devlopman sektè a finansman li yo nan fason ki enpòtan, sipòte komèsyalizasyon rechèch akademik ki egziste yo, epi akonpanye nouvel jenerasyon an nan teknoloji avanse. Anplis pwogrè nan syans, inisyativ sa a ap mete New York nan pozisyon pou li vin yon leman pou antrepriz fakribasyon ki fèk parèt yo, epi konsa ranfòse ekonomi rejyonal yo epi kreye plizyè milye djòb.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)